



Pou Piblikasyon Imedya: 09/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEZYÈM SENPOZYÒM ANYÈL SOU DIVÈSITE, EKITE, ENKLIZYON AK AKSESIBILITE NAN MENDÈV ETA NEW YORK LA

Konferans lan reyini pratikan DEIA yo ak lidèchip ki soti nan tout ajans Eta yo pou fè estrateji sou peyizaj DEIA aktyèl la ak tandans k ap emèje yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a dezyèm Senpozyòm Anyèl sou Divèsite, Ekite, Enklizyon, ak Aksesibilite (Diversity, Equity, Inclusion, and Accessibility, DEIA) nan Mendèv Eta New York la. Senpozyòm lan reyini pratikan DEIA yo ak lidèchip ki soti nan tout ajans Eta yo pou fè estrateji sou peyizaj DEIA aktyèl la ak tandans k ap emèje yo

"Divèsite se pi gwo fòs New York — li enkòpore nan istwa jistis sosyal nou an ak angajman entrensèk nou pou dwa sivil yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pandan yo ap atake efò DEIA yo atravè nasyon an, nou te konsantre sou bati administrasyon ki pi divèsifye nan istwa Eta a, epi simante yon avni ki pi ekitab ak plis enklizif pou Nouyòkè yo."

"Nouyòkè yo bezwen wè tèt yo reprezante pa gouvènman pa yo", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare**. "Nan non tout Nouyòkè yo, mwen pwofondman angaje m pou m anbrase ak ankouraje divèsite eta nou an, epi pou nou kontinye gen konvèsasyon ki nesèsè sou DEIA pou nou ka toujou akeyi nouvo lide ak nouvo vwa — se konsa nou kiltive yon New York ki pi solid, ki pi konekte."

Julissa Gutierrez, Ofisye Divèsite An Chèf Gouvènè a, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York pa sèlman reponn ak defi jodi a, men ap etabli yon nouvo estanda solid pou gouvènans enklizif. Nou devwe pou kreye yon gouvènman ki reflekte fòs ak richès divès kominote nou yo — kote sistèm yo jis, opòtinite yo ekitab, epi chak anplwaye fè pati li. Dezyèm Senpozyòm anyèl Eta New York sou DEIA jodi a se yon moman pou nou ankouraje efò nou yo, apwofondi angajman nou, epi kontinye bati yon mendèv ki vrèman reflekte moun n ap sèvi yo."

Dirije pa Biwo Divèsite ak Enklizyon Gouvènè a, evènman an pèsòn pandan yon jounen an te gen ladan oratè ekspè, atelye, prezantasyon prim, opòtinite byennèt ak devlope relasyon estratejik. Bati sou siksè [senpozyòm inoqiral la](#), senpozyòm ane sa a prezante yon seyans plenye sou peyizaj legal aktyèl DEIA anplis senk atelye ki gen rapò ak

bezwen aktyèl yo ak tandans k ap emèje yo nan DEIA pou asire ke Inisyativ DEIA Eta New York yo alafwa efikas ak dirab:

- Devlope Adezyon Dirijan yo nan kad Efò DEIA yo
- Elaji Ekite soti Anndan rive Deyò
- Entegre apwòch ki pran an konsiderasyon twomatiz ak DEIA
- Ranfòse Responsablite nan DEIA gras ak Self-Care
- Devlope yon kominote pratik pou pratikan DEIA yo: Ki sa k ap vini pou pratikan DEIA yo ak kijan travay la ap evolye?

Anplis de sa, eta a te rekonèt reyalizasyon yon ajans eta a, yon chèf ajans, ak yon pratikan DEIA ki tout te fè kontribisyon eksepsyonèl pou avanse inisyativ DEIA pou Eta New York. Prim yo te selebre moun ki te demontre ekselans atravè efò yo pou rekrite ak kenbe talan, ankouraje yon espas travay enklizif ak aksesib, epi ankouraje ekite nan politik ak pwogramasyon. Yo te remèt twa prim yo bay:

- New York State Department of Labor
- Direktè Egzekitif Otorite Pon Eta New York la, Doktè Minosca Alcantara, te deklare,
- Talia Santiago-Bonds, Ofisye anchèf Divèsite, Biwo Sante Mantal Eta New York

Ofisye Anchèf Gouvènè a pou Moun Andikape yo, Kim Hill Ridley, te deklare, "Mwen tèlman fyè dèske m fè pati yon administrasyon ki konsantre sou kreye yon mond ki pi ekite ak enklizif. Gouvènè Hochul rekonèt ke divèsite, ekite ak enklizyon enpòtan anpil epi ke li esansyèl pou sonje enpòtans pou ajoute 'A' nan DEIA. Aksesib se yon dwa imen fondamantal, epi lè nou priorize li, nou ka asire ke tout moun santi yo gen valè ak enkli."

Direktè Egzekitif Biwo Aksè Lenguistik Eta New York la, Margarita Larios, te deklare, "Otonomi lang se kle pou vrèman selebre divèsite ak avanse ekite, enklizyon ak aksesibilite nan Eta New York. Nati trè entèseksyon travay DEIA mande fòmasyon espesyalize men tou patenarya solid ki souvan kòmanse oswa solidifye atravè opòtinite tankou senpozyòm inik sa a. Biwo Aksè ak Lang Eta New York la rekonesan anvè Ofisye Anchèf pou Divèsite Julissa Gutierrez ak ekip li a pou konsèy yo ak kolaborasyon kontinyèl nou pandan tout ane a, ki gen ladan evènman jodi a kote nou jwenn anpil nan motivasyon ak zouti ogmante sansibilizasyon ak enpak nou ansanm. Ansanm ak sipò detèmine Komisè OGS la Jeannette Moy ak lidèchip delibere Gouvènè Hochul, tankou sa k ap pase jodi a enspire nou pou nou kontinye travay di pou sèvi tout Nouyòkè yo."

Komisè Depatman Fonksyon Piblik la (Department of Civil Service, DCS) Timothy Hogues, te deklare, "Nan Depatman Sèvis Sivil Eta New York, nou te travay di pou

ranfòse mendèv eta a epi ankouraje yon pakèt aplikan pou yo reflete pi byen bèl mozayik Empire State la ak anpil vizaj, vwa, orijin ak lide inik moun nou sèvi yo. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, n ap travay pou redwi baryè yo epi fasilite chemen sèvis piblik pou tout Nouyòkè yo, sitou sila yo ki soti nan divès orijin ak divès kominote yo. Li pi fasil pase anvan pou nou rantre nan sèvis piblik la epi kòmanse yon karyè ki bon, ki byen peye e ki estab pandan n ap ede Nouyòkè parèy nou yo chak jou."

Kòm premye fanm Gouvènè New York, Gouvènè Hochul te yon defansè pou DEIA. Nan Diskou Eta Leta 2024 li a, Gouvènè Hochul [te mande](#) ajans ki sou kontwòl dirèk branch egzekitif la ki gen plis pase 300 anplwaye aplentan pou yo anboche yon Responsab an Chèf pou Divèsite oswa lòt pòs ki dedye aplentan pou divèsite, ekite, ak enklizyon (diversity, equity, and inclusion, DEI). Anplis, Gouvènè Hochul pral bay Biwo Relasyon Anplwaye yo lòd, an kolaborasyon ak Biwo Divèsite ak Enklizyon Gouvènè a, pou yo elabore fòmasyon DEI pou tout anplwaye Eta yo epi Depatman Sèvis Sivil la — an kolaborasyon ak Biwo Gouvènè a — pou yo elabore ak bay fòmasyon kont rasis.

Gouvènè Hochul te pran plizyè mezi tou pou konstwi yon mendèv ki pi solid, ki pi divèsifye. Efò sa yo genyen ladan yo: [elimine](#) frè aplikasyon pou egzamen Sèvis Sivil, [lanse](#) yon kanpay sansibilizasyon piblik pou pwomouvwa plizyè milye travay ouvri nan gouvènman an [etabli](#) Sant pou Karyè nan gouvènman an pou ede Nouyòkè yo jwenn karyè nan sèvis eta a, elaji opòtinite atravè Pwogram Gouvènè a pou Anboche Moun ak Veteran ki Andikape (55 b/c), bay finansman pou nouvo sant tès atravè tout Eta a ak elaji pwogram NY HELPS la, ki anile tanporèman egzijans egzamen sèvis sivil la pou plizyè milye opòtinite travay ki vid nan eta aksesib pou piblik la an jeneral.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)